udan ing tlatah paran

33 mantra pengasih



Penerbit :
SEVEN touch

rampadan geguritan
Muchus Budi Rahayu

YBWB
Yayasan Bangun Watak Bangsa - Taman Budaya Jawa Tengah
Taun 2026

udan ing tlatah paran

33 mantra pengasih



Penerbit :

SEVEN touch

Judul : Udan ing Ttalah Paran
Sub Judul : 33 Mantra Pengasih

Penulis :
Muchus Budi Rahayu
Ilustrator Cover :
Bibit Jrabang

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang
Dilarang mengutip, memperbanyak, atau menyebarluaskan sebagian atau seluruh isi buku ini dalam bentuk apa pun (cetak, fotokopi, mikrofilm, digital, atau media lainnya) tanpa izin tertulis dari Penulis dan Penerbit.
Cetakan Pertama, Juni 2026

Katalog Dalam Terbitan (KDT)
Rahayu , Muchus Budi
Udan ing Ttalah Paran; 33 Mantra Pengasih/Muchus Budi Rahayu
Cet. 1 – Surakarta : SEVENTOUCH, 2026.
halaman 48+viii; 19x12 cm
ISBN : (dalam proses)

Diterbitkan oleh:
SEVENTOUCH
Jl. Pleret Raya Barat II No 7 Banyuanyar 3/12, Banjarsari, Solo
Email : cvseventouch@gmail.com
Website : seventouch.id

Purwaka Basa

Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh...

Salam Rahayu....

Geguritan ora mung kandeg dadi reriptaning tembung utawa coretan aksara kang endah lan edi peni. Geguritan satemene dadi jiwaning manungsa (Jawa); kebak ajining urip amarga ngewrat pitutur luhur utawa piwulang becik lumantar ukara-ukara kang karacik.

Malah sawatara pamanggih ngandharake, geguritan dadya kaca pangilon dununging urip samad-sinamadan. Amarga geguritan ngewrat rasa pangrasa ngenani sesambungane manungsa kalawan Gusti, manungsa kalawan sasama, lan manungsa kalawan alam saisine.

Mula saka iku, Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT) Surakarta atur pengalembana lan pangaji-aji marang miyosing antologi geguritan **"Udan ing Tlatah Paran".** Atur agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan uga katur marang kadang pangripta, Muchus Budi Rahayu.

Wedharan saka **"Udan ing Tlatah Paran"** iki kayadene 'jejak batin' pangripta rikala lelana-ngulandara. Banjur ngambara ana awang-awanging batin, ngorak-arik rasa, amarga nyawang lelakon, nggatekake kahanan lan krungu swara-swara kang luput saka kawigatening jaman.

Ndherek mangayubagya awit miyosing geguritan **"Udan ing Tlatah Paran"**. Muga-muga bisa nyengkuyung lestarining kabudayan Jawa lan uga migunani tumrap bebrayan agung.

Nawung kridha ing sastra, hanggayuh rahayuning bawana....

Wassalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh.

Nuwun.....

Taklim kawula,

Sarido, S.STP, M.Si
[Plt Kepala Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT) Surakarta]

Atur Cecala Panggurit

Aku nate didangu sastrawan pinunjul Abdul Hadi WM ngenani tulisanku kang cacahe ora sepiroa. Wangsulanku nalika kuwi, "saya menulis kalau tersiksa, membagikannya kalau terpaksa."

Nalikane pamong Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT) ndhawuhi ngumpulake karya-karya geguritan, aku nglenggana jebul cacahe sithik tenan. Tundhone kudu mbukaki buku-buku cathetan utawa lembaran lawas. Ana uga kang kesimpen ing email, blackberry, whatsapp, telegram lan sapiturute. Kalebu saperangan nate kapacak ing media massa, kuwi wae ana kalane kang ngirimake dudu aku. Kancaku weruh tulisanku gumlethek utawa dakpacak neng medsos, banjur dikirimake marang redaksi media massa.

Ngumpulake 33 tulisan wae aku krasa kangelan, saengga kudu nlusuri tekan awal taun 2000-an. Aku dhewe rumangsa kemlinthi yen nyebut tulisan-tulisan iku mau minangka geguritan. Kanggoku luwih pas diarani cathetan padinan, utawa saperangan akeh arupa premasthi mawas dhiri wong lagi lelungan makarya utawa dhines gaweyan.

Atur panuwun konjuk para pamong TBJT kang paring kanugrahan, kersa nerbitake kumpulan geguritan iki. Atur panuwun uga konjuk marang sedulur-sedulurku Widodo Basuki, Sucipto Hadi Purnomo, lan Irul S Budianto wis gelem nyelakake wektu maringi 'endorsement' najan kepara kepunjulen olehe ngalembana tulisane kanca. Ora katalumpen konjuk kakangku Keliek Eswe; maturnuwun sliramu ora bosen-bosen nyuguhi 'gorengan rempela ati' marang aku wiwit taun 1990 tumekane seprene.

Sabanjure, sawutuhe kasumanggakake marang para maos. Muga-muga ora nguciwani.

Nuwun.

Surakarta, Juli 2026

Muchus Budi Rahayu

Pratelan Isi

cover njero	i
copyright	ii
Purwaka Basa	iii
Atur Cecala Panggurit	v
Pratelan Isi	vii
tembang kapang	1
jalan mangga raya blok f-3, perum klodran indah	2
sabar tan winates	4
dakrangkul rasamu, daksesep esemmu	5
mbulan gedhe ing ati kebak panyaruwe	6
pitakon marang wengi	7
anakku, bocah lanang bantalan angin	8
anakku, bocah wadon kemulan banyu	9
udan ing tlatah paran	10
grimis ing stasiun balapan	12
nalika rembulan pitu cumondhok ing dhadhamu	13
rasa ing ati rengka	14
cathetan padinan	15

kabentus tawang wanci purbani 16
gisik hua hin, wanci wengi 17
k e m u n i n g 18
senandika 19
nalika sowan nyadran 20
guwa sapinggire kali 22
sadrajat, sapangkat, ... 23
nalika kangen nyucupi asta 24
kanggo her, sumitra lelana brata 26
mega belah ing kutha madinah 28
punthuk akal lan ati manungsa 30
m u l t a z a m 31
gyeongbokgung hadiningrat 33
kang sumawur saka laku misuwur 34
pitungkas nalika sumanggem 36
asmaradana 37
rasa kapang 39
gancaran bengawan 42
tembang dolanan jaman gen-z 44
lng Malem Sewu Wulan 46
Ngenani Penggurit 49

tembang kapang

nalika kreta mlayu rikat
esemmu melu laju kumewat
wit-witan mlayu kebat
nyampluki ati kelangan keblat

ing kene rasa kapang
landhepe ngungkuli ligan pedhang
ing kene rasa tresna
perihe ngungkuli dayane wisa

kapang iku panandhang
sapa wae kang ketaman
ngreranta lan tansah nimbang-nimbang
kanggo ngukur jerone katresnan

tresna iku lelara
nanging sapa wae kang lagi nampa
rina wengi tansah ndedonga
salawase ora diparingi tamba

sandhuwure shinkansen tokyo-nagoya, 2012

jalan mangga raya blok f-3,
perum klodran indah

kaya nalika sepisanan
aku mlebu ing omahe wongtuwamu
mangkono uga rasaku nalika
nyawang inepe lawang omah dina iki

jeng, awan iki aku bali gasik
omah suwung, ora ana bocah-bocah lan sliramu
sapandurat atiku nggloso, sepi
—kijenan, mangu-mangu

nanging jebul kahanan iki
malah dadi mbuka pamawasku
kaya nyawang rerenggan sajrone kaca gedhah
kabeh lelakon ngegla malela sapolah-polah

metani rasa ing ati, jeng
silih ungkih ngebaki pengangen-angen
ing gubuk iki kita wis mrangguli sadhengah kahanan
bareng sumanggem ngracut pandlarunge ati semangkeyan

jantraning laku kesandhung nyandhung
lakoning urip kebencet kepepet
najan mangkono, bakohe kasetyan
luwih pideksa nyangga abote sanggan

rasa resep bisa tuwuh ing sadhengah papan
nanging tresna tangeh bisane ngrembaka
yen tanpa diiket dadi gantilan ati
siniram banyu donga ing rina lan wengi

jeng, yen isih ana kang bisa nyandra
kabagyan tekane mung ana ing rasa bungah
aku kang nyentholani, awit wis mrangguli
yen ta wose lakon dudu mung kang sinawang wantah

solo, 2018

sabar tan winates

wengi iki aku mung bisa nyandra
nalika meruhi sliramu mesem ngujiwat
awit ora ana kang bakal ngira
semene dawane kembange ati karumat

jeng,
kadayan sayah, awak bisa lungkrah
nanging niyat ora oleh owah
kapilut godha, pikir bisa kasengsem
nanging ati ora oleh carem

sabar iku tan winates
pikolehe kahanan langgeng, kaya banyu:
pinedhang nora tatu
cinidhuk nora dhekok

seoul, maret 2024

dakrangkul rasamu,
daksesep esemmu

ana ngendi dununge swarga?
ing patilaman, nalika
aku ngilo ing paningalmu
mbebalang semu
dakrangkul rasamu, daksesep esemmu

jeng,
kabagyan dumunung ing ati
wujude arupa rasa
tekane sawanci-wanci
suwene saprapitune unjal ambegan

phuket, juli 2019

mbulan gedhe ing ati kebak panyaruwe

jare bapak,
padhange mbulan gedhe
ngawe rasa
njembarake kalangane

jare simbok,
kekencare mbulan gedhe
nyunari kalbu
mberat panandhange

aku dhewe,
mrangguli mbulan gedhe
tuna ngramesi wewangsone
nalika ati kebak panyaruwe

kemuning, 2025

pitakon marang wengi

apa sliramu bisa milah
rasa seneng lan rasa susah
nalikane ketemu banjur kudu pisah

apa sliramu bisa ndunungake
sejatine peteng iku wujud rupa
utawa kahanan suwung

apa sliramu bisa njarwakake
sabenere sepi iku tanpa swara
utawa kijenan ing karameyan

daksranti tekamu nggawa wangsulan
aku nunggu neng kene
kemulan kahanan kang ora kamot ing ukara

ho chi minh, 2023

anakku, bocah lanang bantalan angin

anakku lanang gawe senthong ing pikiran
sumeleh ing dhipan jati
bantalan angin

gus,
ing atine wong tuwamu sakarone
ngrumat anak lanang kaya ngundha layangan;
yen bisa muluk, bombonge ati ngebaki langit
yen pedhot bolahe, rasane kaya kukut ndonyane

paitanmu gelasan gegebengan
uluren ukelan nalarmu
saya banter angine, saya ndedel layangane

anakku lanang gawe senthong ing pikiranku
nambah bakoh jangkahku ngrambati laku

bangkok, 2026

anakku, bocah wadon kemulan banyu

anakku wadon cumondhok melok ing pandulu
srisig kebyak sampur
kemulan banyu

wuk,
ing atine wong tuwamu sakarone
ngopeni anak wedok kaya nyandhing jambangan;
yen lungguh bakuh, bisa nyicil nyawang rerenggan swarga
yen rengka, kaya wis anguk-anguk jurange neraka

indhitanmu kebak pangawikan
suntaken tandhon wegigmu
saya bening banyune, saya wening panggraitane

anakku wadon cumondhok ing pandulu
tansah katon melok ing tlapukanku mata yuyu

bangkok, 2026

udan ing tlatah paran

ngungak ati, yayi
ing sungapane wektu
rong pratelone makandheh
kabeh malela

aku meruhi kahananmu, pucet
mlayu rikat
keplas kaya playune kenas

piye sabanjure urip
apa lakon crita panji lan sekartaji
damarwulan lan anjasmara
rara anteng lan jaka seger
mung bakal manggrok ing pagedhongan
kaya dongeng panglela bocah
kang wis suwe dilalekake para simbah

yayi...
sewu laku dakluru, sewu karep dakkekep
kabeh nggameng ngebaki tanpa njaluk aran
bareng tekane udan ing tlatah paran

dhuh ati kang tumiyung, dhuh rasa kang tumlawung
kahananku kiyi mesthi luwih pucet
marang mendhung lumayang dakjaluk nyurung
playune dina luwih cepet

gondokusuman – jogja, 2019

grimis ing stasiun balapan

apa iya ati kang kagol
bisa nyandhet playune wektu

ora!

esuk iki
aku pengin crita marang wewayangan
kang tansah ngreridhu laku bebagongan

rasa kang semangkeyan
bisa ndayani kacintrakan
kaya gegojegan
mandine upas ula bandhotan

kreta mlaku nggrantes ngluru dalan nglayung
atiku turu angles ing rasa kang suwung

solo, 2019

nalika rembulan pitu
cumondhok ing dhadhamu

wengi iki, kaya kang wis lumadi
ing wektu mirunggan lan maligi
aku tansah memanuhara, marang sliramu
angrungrum kanthi kembengane rerumpakan

nanging ing wengi iki
kagiwang ledhok iline banyu
aku nyumurupi
rembulan kembar pitu cumondhok ing dhadhamu

tundha sewu gegayuhan daksimpen premati
arum njaba njerone ngungkuli jebat kasturi
sengsem tuwuh sangka condhonging ati
nanging rasa tresna murube sundhul wiyati

wengi iki, rembulan kembar pitu
cumondhok ing dhadhamu
tumiba ing pangkonku

malaka, 2018

rasa ing ati rengka

pamawasku dakglagat
meruhi liringmu kumewat
rasaku dakracut
mbarengi jejarimu ngukel rajut

wengi iki aku lan sliramu
mlaku ing lurung rumpil tanpa aran
ndlarung ati, nggembuleng tuna paran

urip mung kaya ngenam kepang
yen ana dhompo sakawite
mburine bakal salang tunjang

rasaku dakglagat, pamawasku dakracut
rengkane tembok bisa dilabur
rengkane kayu bisa disopak
rengkane ati ora cukup dilabuhi tirakate awak

solo, 2004

cathetan padinan

ing stasiun delanggu
dakwiwiti nulis guritanku
gumlanthang swara rodha
nggiles pepes gleyongane rasa

endi nyatane jare rasa bisa disapih
pranyata saben dina mung ngampet perih
endi nyatane jare tangis bisa dilelipur
pranyata kabeh ambyuk ing ati kuwur

klaten, 2021

kabentus tawang wanci purbani

wengi iki ing tlatah paran
aku mung bisa ngitung lintang
nyawang blegere bimasekti
nitipake kidung merihati

ati manungsa iku kaya lurung wengi
tanpa pepadhang lampu ing wanci purbani
lamun ora mangreh akal budine
sapa wae tangeh bisa nemu dalane

jeng, kaya tetuwuhan luru padhange hawa
tresna ngrambati wektu ngupadi dalane
laku mbisu nganggo nalare dhewe
tanpa ukara, tanpa swara

bangkok, 2019

gisik hua hin, wanci wengi

ing kene akeh kaendahan
jigar ing palarapan
saben alun gumulung nekani
natapi beteng kasetyane ati

laju playune rasa
dakcandhet kanthi walaka
kongas hardane jiwa
dak penggak sarwa prasaja

ayune rupa bisa dialem
najan sawanci-wanci bisa besem
luwese solah bisa merak ati
najan suwe-suwe bisa njuwarehi

dahuru lan prahara mula bukane saka ati
awit ing sakabehe prastawa kinaya ngapa
ora bakal bisa gawe ajur nganti mumure ati
saengga tan wintes dayane nanggung remuke rasa

hua hin, 2015

k e m u n i n g

ing kemuning
rasa kita sumandhing
siniram banyu bening
manjing ati wening

ngargoyoso, 2023

senandika

sumantri marang atine:
aku kudu dadi priyayi
nanging aku isin yen kanca rowangku
meruhi kahananku wujud rupamu

sukrasana marang karepe:
aku jumurung laku
panggonku ing perangan badan njero
tangeh katon yen sliramu bisa meper nepsu

kampong glam singapura, 2024

nalika sowan nyadran

nalika sowan nyadran
sirahku kebentus maejan
anakku lanang age matur
bapak dumadakan paningale kuwur

dakaras mbaka siji tetengere
dakkedalake malela amrih wijange
kaya ngundurake lakune jagad
getere ati nyundhul ngembengi mripat

wis turun pitu?!
pitakone anakku

iya, jebul wis pitung turunan
ngugemi sumpah atirata gagatan
maturun-turun kesinungan wahyu lurah
momong brayat trah tumerah

lamat-lamat kaya keprungu bapak ngendika:
abote lakon ngesuhi warga dadi pangarsa
kudu gelem ngemut idune wong salaladan
kudu lila raup taine wong sakukuban

ajur-ajer tegese teguh pengadeg-adeg
sempulur nalare;
ora logro dienggo sing kuru
ora sesak dienggo sing lemu

yen jejeg kaya umpak watu candhi
yen megar dadi payung pangeyupan
yen lemes kaya tali
yen kaku dadi pikulan

kedungombo, 2018

guwa sapinggire kali

apa guwa sapinggire kedhung pucung
ing pinggire ilen kali serang kedungombo kae
isih nate diambah pawongan

ing papan kuwi mbiyen, sangarepe guwa
sibu asring ngajak ngguyang awak
kosokan watu karo crita maneka warna
bab isine guwa lan pantese tumindak

kaya ati kang suwung
guwa kedhung pucung ora nyimpen pamrih
akeh lele neneka nyemplung
banjur katrem manggon gumbrayah pikolih

ati suwung dudu kang sepi karep
suwung iku sumadya nampa lan ngekep;
tanpa nyimpen rasa ngarepake
uga tanpa nampik kang tumeka nyampe

warung apung kedungombo, 2023

sadrajat, sapangkat, …

piye anggonku bisa nawung ukara
amrih critane bisa ditampa kanthi prasaja
nalika rasa keduwung tansah nyrimpeti
ing kono rasa sumelang mesthi ngebaki ati

laku iki nepis sabarang panyaruwe
awit kabeh gumantung patrape
wong bodho makarya krana pamrih lan pepenginan
wong wicaksana tumindak miturut dhawuh kautaman

aja diarani kethul
yen meruhi penyukur ora bisa nyacah glugu
aja disengguh gudhul
yen nyipati prekul ora resik ngerok jenggotmu

sadrajat, sapangkat, satundha, sabilik-bilik

johor bahru, 2018

nalika kangen nyucupi asta

konjuk: yai dian nafi'

ing pasareyan iki
tumpang suh rasaku
daksuntak sakabehe

ana getun lan keduwung
uga tangis kang nglelayung
ana mamang lan sumelang
uga pangarep-arep pedhot lumayang

isih katon ngegla regenge kahanan nalika guyon gojlokan
uga isih malela nalika ndika ngendika aris paring gegebengan
yi,
kula kangen nalika nyucupi wolak-walike asta
kula kangen nalika ndika ngelus-elus sirah kula

ing pasareyan iki
daksuntak sakabehe rasaku

eling nalika handika paring wekas pamitan:
urip yen mung geguyonan, kaya wedi marang tangis
urip yen mung anenangis, kaya wedi marang pati
tumrap wong wicaksana, urip lan pati langgeng nyawiji

pesantren al-muayyad windan, 2022

kanggo her, sumitra lelana brata

kang tumrap kahanan iki
tangeh aku bisa gawe rumpaka
kabeh tembung kelangan dunung
kabeh ukara kasatan daya

iya. wis ya, her. ngene wae:
digedhongana, dikuncenana
menga lan minebe kori kaswargan jati
among gusti kang kagungan purba yekti

her,
saiki awakmu wis bisa mbedakake
geni lan panase, gula lan legine
uyah lan asine, sambel lan pedhese
uga lara lan panandhange

gusti paring roga kanggo memule ruhani
gusti paring pepeteng amrih gilape sanubari

rahayu lakumu
mbesuke kita bakal kumpul bali
wis ora dadi wong keplayu
adoh saka ambeg lan manasati

digedhongana, dikuncenana
gusti kang kagungan purba yekti
mbesuke kita mesthi bakal kumpul bali

lipatkajang belitung, 2018

mega belah ing kutha madinah

aku nyumurupi mega belah
katon agung ing sandhuwure kutha madinah

aku crita paseksene mata marang ati
malah diselaki
dakpradulake kabeh mau marang rasaku
malah digeguyu

kamangka iki dudu kahanan lumrah
babagan mega belah sandhuwure kutha madinah

ana wewayangan tansah ngreridhu:
iki aku, ya sliramu
beda awan lan wengine, beda dhuwur lan cendheke
gumantung saka olehmu metani niyat lan karepe
yen isih bombong marang pangalembana
salawase kagubed pangaling-aling tumuju pangeranira
sakabehe pangalembana iku amung kagungane gusti
sakehing cecedan sandhangan kang kudu mbok lakoni

tugu jam madinah, 2007

punthuk akal lan ati manungsa

ujare crita, ing punthuk iki
bapa adam lan ibu hawa bali manunggal
mataun-taun luru tresna manggul sepi
banjur miwiti lakon salumrahe akal

yen adam lan hawa ing swarga katrem
tangeh kita bisa ngrasakake sengsem
yen adam lan hawa ora ketemu maneh jejodhowan
mokal saiki kita bisa miwiri rasa katresnan

adam lan hawa nate regejegan lan padudon?
awakmu nambong salugune pitakon

aku nglewas amrih ukaraku mulih nalar
najan aku ora nemu wangsulan widhar

iki jabal rohmah
cinipta amrih dadi lumrah

jabal rohmah, 2007

m u l t a z a m

ing multazam
nalar gumantung tanpa canthelan
ati sumeleh tanpa papan
rasa sumendhe tanpa lendheyan

makkah al-mukaromah, 2007

gyeongbokgung hadiningrat

nalika mlebu ing gapurane gyeongbokgung
sapandurat iku aku eling sliramu
nalika ngreranta ati ing brajanala kori agung
kucel kusem kaya lelakon sujarahe leluhurmu

gyeongbokgung iki tetep teguh birawa
malah nalika wis dadi kembangane crita
kedhaton iki panggah pengkuh karumat
malah nalika wis ora direngkuh kaya jimat

jamane pancen lumayu kebat
ana sing katut, ana sing kaliwat
yen nganggo pasemon manggilingan
ana sing keblegong, ana sing nyandhung kabegjan

legine legi iku pait
paite pait iku sepa
saben lelakon ana mangsane
saben mangsa ana lelakone

banjur apa maneh sing kudu ditangisi
awit kaya sing kerep kita prangguli
ing sela-selane lumut tembok rengka
asring tuwuh anggrek jingga endah sulistya

seoul, desember 2015

kang sumawur saka laku misuwur

konjuk: mas hadi

aku nyipati bledug lan lebu
ngebaki kanthongan klambimu
nalikane sliramu sumendhe gampengan cengkar
ing ara-ara laladan wigar

sepira bakohe kasetyan, pitakonmu
dakranggeh lengenmu
pucete pasuryan
kaya mbulan karainan

mbarengi laku sadalan-dalan
aku nglelipur rembug glenyengan
ngecewes lan mbebanyol lemes
najan kabeh mau wis ora mbok rewes

mas,
kang alum banjur gogrog
kae mung watese panyranti
dudu gegayuhan, apamaneh wose gati

aku nyekseni sakabehe
srengenge antri siji mbaka siji
nyungul saka tlaga panandhang
nggeret daya panguripan

bangkok, 2025

pitungkas nalika sumanggem

dakrakit panlawunge karep
dakindhit amrih jejege sikep
dadi pitungkas nalika sumanggem
ora ngetung serik utawa karem

sayektine bener – luput
becik – ala, begja – cilaka
mapan saking badan priyangga

antarane daging dan iline getih
uripe manungsa kesinungan rasa
ing kono bisa ngroncal anjelih
mratandhani lamun isih duwe jiwa

chiang mai, agustus 2024

asmaradana

yayi anjasmara
najan kita mangerteni
lamun pepisahan sauntara
bakal nuwuhake kapang
nanging –sanyatane
kita tan ngarepake kahanan iki

awit kita ora mangerteni
lelakon apa kang bakal
mapag laku ing sadalan-dalan
nemahi yuwana apa kacintrakan
mrangguli apes apa kabegjan
amung gusti
kang ngregem pangrencana wadi

nanging, anjasmara
lilakna rakamu budhal
amrih bisa ngenggoni jejere lanang
ora minglar ing kesaguhan
kanthi tatag lumawat payudan

aja bosen, yayi
aja kendhat panyuwun sadawane nyranti
awit mung dongamu kang bakal dadi
urupe geni satengahe blabar kawat
rakamu iki angimpun tekad

mbesuk
sabubare brubuhan
yen aku bali ing rangkulan
ing kono kita bakal meruhi
aku darbekmu salawase
sliramu duwekku sateruse

nanging yen sliramu mung meruhi
jaran tunggangan bali sowangan
tanpa aku ing tapelan
ndheprok ngringik
sangisore kemuning ing plataran
dhuh... anjasmara
nalika iku aku pamitan
pati iku panci ginaris mring sapa wae
aja sedhih, aja susah
awit, ya gene nggetuni
kahanan kang wus mesthi bakal kelakone

jogja-solo, 2018

rasa kapang

rasa kapang iki
rasa kapang marang lengkeh-lengkehe gunung
kang wus sawetara wektu
dak lalekake awit akehing sanggan

iki kapangku marang lawu
kang ngebaki selaning kalbu
kaya ambanging kayu ing ilening kali
dadi impen kang ngreridhu saben wengi

iki kapangku marang gunung lawu
kang wus sawetara wektu ngebaki dhadhaku

kapangku marang grojogan sewu
kang panggah dedriyah nepis rasa rujitku
kapangku marang cemarakandhang
kang nuduhake lungguhku mring jatining
wenang
lan.. oo pringgondani
apa saiki ing kana raden kacanegara isih
nglenggahi?

iki kapangku marang gunung lawu
kang wus sawetara wektu dadi atiku

kapangku marang candhi sukuh
kang tan bosen paring perlambang tuduh
kapangku marang candhi cetha
kang jejeg manjing ing gapuraning dewa
dhuh... sinuhun gugur
punapa alas laladan jengandika taksih subur?

iki kapangku marang lawu
kang ngebaki selaning kalbu
marang lengkeh lan jurange
marang desa pancot yen mandhasiya
marang desa lurah lan dhukutan

iki kapangku marang ilen-ilene kali samin
kang setya ngemong sedulur tani angolah sabin
marang pelataran lan langes merang ing kemuning
ing kana ati lan gegayuhan kita nate jejer sumandhing

yen wanci wengi nekani
reroncen lintang nyebar pepanthan
kaya wiji kang tinandur premati
nuwuhake wening binarung angles sepi

dene aku mung bisa angeja rawat-rawat
kaya memedi nyambang ratri
mbegal guru lagu wilanganing serat
kang tinembang sajroning ngimpi

rasa kapang iki
rasa kapang marang lengkeh-lengkehe
gunung
kang wus sawetara wektu
dak lalekake awit akehing sanggan

gede pangrango, 2017

gancaran bengawan

ing sungapane bengawan
aku mung bisa ngadeg njegreg
ijen –kijenan

wus maewu-ewu taun
bengawan dadi dalan penguripan
akeh sodagar lelayaran
pra nelayan nggolek panguripan
sedulur tani ngileni sawah angolah pangan

wus maewu-ewu taun bisa lumadi
ya gene ing jamanmu iki satemah lali
tambah dina bengawan mung samsaya kesingkur
dadi papan buwangan sisa pabrik lan rusakan kasur

lur! eling, lur!
pitung kali ing kutha sala
kae dudu pitung comberan
nanging pitung jembangan banyu mawar
kang nyuntak isine manjing bengawan
ngambarake kaluhuran, moncerake pangawikan

jembangan kali premulung, jembangan kali pepe,
jembangan kali santa, jembangan kali anyar,
jembangan kali braja, jembangan kali jenes,
jembangan kali gajah putih
kabeh rebut bujung silih ungkih
nyemplung bengawan tanpa njaluk aran

ya gene ing jamanku jamanmu iki
kita ra bisa njaga warisan

ing sungapane bengawan
aku mung bisa ngadeg njegreg
ijen –kijenan
takon marang ati lan rasaku dhewe:
"piye tanggungjawabmu
sawuse ngrusak jembangan bengawan
mbesuk apa kang bisa mbok warisake
kanggo anak putumu?"

solo, 2022

tembang dolanan jaman gen-z

gajah melok
saka tanah solok
gero-gero bengak-bengok
sikile kepetel blethok

gajah kuwat
saka tanah langkat
nuk regunuk, nuk regunuk
nyemplung tengki gluprut gemuk

gajah belang
saka tanah plembang
tlale muser mobat-mabit
karo nyemil klapa sawit

gajah tumpes
saka tanah apes
keli kerut kena bandhang
alas dibabat bajingang

"eyang, gajah tuh apa?"
"cari di google, nak!"
"oo hewan yang pernah hidup di sumatera ya..."

jujul wuwul kahanane ati
tumpang suh anggonku ngramesi:
mbesuk, nalikane
alas pungkasan wis diprompang
kewan pungkasan wis kemampul mati ngambang
ing kono mbokmenawa kita nembe ngrasa
yen manungsa ora butuh tumpukan bandha

jakarta, 2026

Ing Malem Sewu Wulan

Ing malem sewu wulan
Tafakur ing gisik bengawan
Milang nugrahaning Maha Asih
Tan kendhat angucap tasbih
— Subhanallah!!
Maha Suci Asmadalem Gusti
Ingkang nglenggahi siyang-ratri

Ing malem sewu wulan
Ngungak ilening bengawan
Deres! Adres! Nrabas ing ati lungit
Bareng binarung derese waosan tahmid
— Alhamdulillah!!
Puja-puji hamung konjuk Paduka
Ingkang nggelar jagading titah

Mangayubagya rawuhe kamulyan
Njaring kanugrahan sewu wulan
Ing malem-malem ganjil
Kawulane Gusti anderes tahlil
Laa illaha ilallah!!

Sang Murbengrat
Amung Paduka sesembahan

Sulaking purnama mawa teja maewu kelir
Gumbirane kawula dumulur angler
Napaki sepuluh dina akhir
Sapolah-polah ngedalake takbir
Allahu akbar!!
Sang Maha Agung
Panguwaos tunggal ing alam gumelar

Dhuh Allah, Ingkang Nyanggit Lelakoning Titah
Amung ing ngarsa Paduka, kawula nyarah
Nyuwun sih wilasa
Pepajar ingkang nglangkungi purnama
Pangawikan munjuli deresipun ilen bengawan
Ya Rabbi, ingkang ngregem kedhung wewadining ati
Sareng kekesing ratri, kawula namung tansah memuji:
Subhanal malikil quddus
Subbuhun, quddusun, rabbuna
Wa rabbul mala'ikati warruh

Ing malem sewu wulan
Kairing wirama ilen bengawan amilir
Mangayubagya rawuhe kamulyan
Sulaking purnama mawa teja maewu kelir
— Subhanallah!!
— Alhamdulillah!!
— Laa illaha ilallah!!
— Allahu akbar!!
Kawula nyarah, Gusti... Kawula sumarah

--Sapinggire Bengawan Solo, 28 April 2022

Ngenani Panggurit



Muchus Budi Rahayu

Lair di laladan Kedungombo, 25 Juni 1972. Nate ngangsu kawruh ing Fakultas Sastra Universitas Sebelas Maret, najan luwih akeh oleh gembolan sangu babagan seni lan kasusastran saka pasrawungan ageng ing Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT) lan para nimpuna kayata Umar Kayam, Sardono W Kusumo, Murtidjono, Hanindawan, Bambang Sugiarto, Hadjar Satoto, Poer Adhie Prawoto, Moch Nursyahid P, Djajus Pete, Keliek Eswe, lan para pinunjul liyane.

Wondene para guru kang nenuntun ngasah laku lair lan batin ing antarane KRMH Rio Yosodipuro

(Solo), KRHT Kusumotanoyo (Solo), Ki Sutrisno (Blora), Ki Warsino Guno Sukasno (Wonogiri), Kiai Sudjak (Ponorogo), lan KHM Dian Nafi' (Solo).

Nate melu ngregengake ombyake donya seni nalika nyebur ing Teater TESA UNS lan Teater Gidag Gidig Solo. Pakaryan kang nate disangkul ing antarane pawarta media massa (1996-2023), konsultan media korporat (2023-2024), lan tenaga ahli ing DPR RI (2024-seprene).

Karyane ing antarane: Mahatma Sang Kumbakarna (naskah teater, 1995) Jentera Terkasa (kumpulan puisi bebarengan, 1998), Melankolia (kumpulan puisi, 1999), Tegak Lurus dengan Langit (kumpulan syair mahabbah, 2004), Berjalan di Garis Tak Bertuan (kumpulan esai sosial, politik, budaya, 2020).

Maca guritane kadangku Muchus Budi Rahayu ing kumpulan "udan ing tlatah paran" iki, ati karasa digeret ukara-ukara kang patitis, tharik-tharik, kaya iline banyu bengawan runtut mili keli tumuju sungapan. Kaya lelumban ing sawijining lagu kapang kebak nostalgi, nggoleki kang meneb, uga gumerah lan sumeleh, kang sejatine iku kabeh ora adoh kudu digoleki; ing njero ati.

Kahanan suwung, dhewe emple, ngarep-arep lan sumendhe, adoh lan cedhak, kang dinulu lan dirasa nyawiji: manungsa, urip, gusti, gathuke langit bumi. Aku kegeret sepi mamring ing guritan loro-lorone patang larik asesirah "Multazam" lan "Kemuning".

Widodo Basuki
[Sastrawan lan Pamong Redaksi Majalah Jaya Baya, kanugrahan Hadiah Sastra Rancage taun 2000]

Penggurit kasil njejegake kedaulatane pikir. Tresna, kangen, kabagyan, urip, suwung, anak, kapara nganti tumeka pati, dibabar kanthi definisi anyar lan pepindhane kang sok-sok nyebal saka padatan. Tembunge gen-Z, layak dadi koleksi 'kata-kata hari ini'

Lumantar "udan ing tlatah paran", Muchus Budi Rahayu ora mung dolanan lelewaning basa, nanging uga kasil nunjemake gagasan tumeka ing dhasar samodraning rasa. Gurit-gurit kaya ngene iki kiraku isih arang banget diprangguli ing jagading sastra Jawa dinane iki.

Sucipto Hadi Purnomo
[Sastrawan lan dosen Sastra Jawa Unnes Semarang. Kanugrahan Hadiah Sastra Rancage taun 2012]

Maca guritane Muchus Budi Rahayu ing buku "udan ing tlatah paran" kaya diajak njlumati jantra lan werdining ngaurip. Embuh ngenani bungah-susah, kangen, kasetyan, tresna, gegayuhan, kateguhan, mawas dhiri nganti babagan spiritual lan religiusitas. Kanthi wasise ngracik diksi padinan satemah njalari guritan anggitane katon luwih urip lan manjila sarta bisa dadi 'renungan filosofis' kang banget jero tumrape kang maos.

Irul S Budianto
[Sastrawan. Kanugrahan Hadiah Sastra Rancage taun 2020]